



Pou Piblikasyon Imedya: 22/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON YO POU BIWO KONSÈY JESYON KANIBIS LA

Reuben R. McDaniel, III ak Jessica Garcia pral sèvi kòm Manm Konsèy la

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke li te nonmen Reuben R. McDaniel, III ak Jessica Garcia kòm manm konsèy Biwo Jesyon Kanibis la. Konsèy Kontwòl Kanibis ak Biwo Jesyon Kanibis la pral kreye epi aplike yon kad règlemantè konplè pou sektè kanabis New York la, ki enkli pwodiksyon, bay lisans, anbalaj, maketing ak vant pwodui kanabis yo.

"Endistri kanibis New York la te kanpe pandan twò lontan - m ap fè nominasyon enpòtan yo pou mete Biwo Jesyon Kanibis la sou pye nan fason pou l reyisi pou l ka operasyonèl touswit," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen konfyant ke Mesye McDaniel ak Madam Garcia pral sèvi konsèy la ak pwofesyonalis ak eksperyans pandan n ap dirije eta nou an vè lavan nan nouvo endistri sa a."

Reuben R. McDaniel, III se Prezidan ak Direktè Jeneral DASNY. Sena New York la te konfime nominasyon Mesye McDaniel la nan dat 10 jen 2020. Mesye McDaniel responsab jesyon global administrasyon ak operasyon DASNY. Mesye McDaniel te vin jwenn DASNY an 2019 antanke yon bankye akonpli ki responsab investisman avèk plis pase 30 lane eksperyans nan sèvis finansye, ki gen ladan finans piblik, jesyon patrimwàn pèsònèl, finans antrepriz ak kapital-investisman prive. Pandan karyè li nan finans piblik, li te patisipe nan plis pase 75 milya dola nan emisyon obligasyon ki gen enpo yo egzonere toupatou nan peyi a. Mesye McDaniel te fonde yon sosyete konsiltasyon sou investisman, kote li te jere plis pase 50 milyon dola pòtfèy investisman ak aktif komèsyal pou divès kalite pwofesyonèl. Avan sa, Mesye McDaniel te sèvi kòm Prezidan Komisyon Eskolè pou Lekòl Piblik yo nan Atlanta, kote li te dirije yon gwoup konsitwayen divèsifye epi li te sèvi kòm yon vwa pou kominote paran yo. Li gen yon Lisans nan ekonomi ak matematik nan University of North Carolina nan Charlotte ak yon Metriz nan Administrasyon Biznis nan University of Texas nan Austin.

Jessica García se Asistant Prezidan Sendika Gran Magazen an Detay, an Gwo a, UFCW, ki se yon òganizasyon sendika nasyonal ki reprezante travayè k ap travay nan chèn apwovizyonman pwodui alimantè yo, ansanm ak travayè k ap travay nan magazen detay ki pa vann pwodui alimantè yo ak nan swen sante. Avan sa li te sèvi kòm Direktris Politik Adjwen pou RWDSU, kote li te travay pou fè vanse ajanda

lejislativ ak politik sendika a. Byen avan, li te sèvi kòm Direktris Pwogram ak Òganizasyon nan biwo Responsabilizasyon Kominote Nouvo Imigran an (New Immigrant Community Empowerment, NICE) epi li te pase kòmansman karyè li ap defann pou finansman ekitab pou lekòl piblik yo nan Vil New York. Aktyèlman la, l ap sèvi kòm prezidant konsèy Komite pou Sekirite ak Sante ak Enstiti Defans New York la, li se vis-prezidant konsèy administrasyon Ministè Riral & Migran an (Rural & Migrant Ministry), epi li se manm konsèy yon òganizasyon ki baze nan Kostarika ki rele, Vivir El Sueño. Jessica soti nan peyi Honduras, li te diplome nan inivèsite Silberman School of Social Work nan Hunter College ak Harvard University.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)